



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ DEFI DEVLOPMAN MENDÈV REJYON LWÈS NEW YORK LA YO

Sis Òganizasyon San Bi Likratif pral Resevwa 4.2 Milyon Dola pou l Sipòte Fòmasyon Mendèv nan Sektè Fabrikasyon Avanse, Sante ak Syans Lavi a, ak Sektè Enèji a

L ap Asire Efektif Mendèv Rejyon Lwès New York la Satisfè Demann Endistri a yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde 4.2 milyon dola finansman k ap soti nan premyè faz Defi Devlopman Mendèv (Workforce Development Challenge, WDC) Rejyon Lwès New York la bay sis òganizasyon lokal san bi likratif. Pwogram lan pral asire efektif mendèv rejyon an satisfè demann ki gen nan sektè tankou sektè fabrikasyon avanse, sante ak syans lavi a, ak sektè enèji a. Fondasyon Kominotè pou Rejyon Metwopolitèn Buffalo a (Community Foundation for Greater Buffalo) ak Empire State Development, ki se ajans devlopman ekonomik eta a, ap administre sibvansyon yo.

“Devlopman mendèv enpòtan anpil pou nenpòt ekonomi k ap fleri, epi finansman sa a pral ofri òganizasyon san bi likratif yo resous yo bezwen pou yo fòme travayè yo nan djòb avni yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk investisman sa yo, nou ap ofri Nouyòkè yo konpetans nesèsè yo bezwen pou yo satisfè demann yon ekonomi 21yèm epi an menm tan l ap ankouraje biznis yo pou yo kontinye vin investi nan Rejyon Lwès New York la.”

“Investisman nan mendèv nou an esansyèl pou kwasans kontinye nan Buffalo ak nan Rejyon Lwès New York la”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Pou yo ka reponn a bezwen mache travay la, New York dwe trase chemen an pou yo fòme travayè nan sektè fabrikasyon avanse, swen sante, ak sektè enèji a pou yo ka konble eka nan konpetans ki genyen yo epi kreye yon mwayen pou anplwayè yo jwenn aksè a talan yo. Prim Sibvansyon Defi Devlopman Mendèv la yo pral sible resous yo pou yo asire ke gen fòmasyon ki disponib toupatou atravè Rejyon Lwès New York la pou djòb ki byen peye ki pral fè ekonomi an vanse vè lavan.”

Yo konsevwa Pwogram 10 milyon dola sa a pou yo pwomouvwa epi investi nan apwòch inovatè pou fòmasyon mendèv pou popilasyon defavorize toupatou atravè Rejyon Lwès New York la yo. Defi Devlopman Mendèv la pral ede ogmante kapasite

fòmasyon kominote ki te pwouve yo gen repitasyon fonde, relasyon konfyans ak kominote a, ak kapasite ekstraòdinè nan zafè sansibilizasyon ak rekritman. Anplis de sa a, li pral sipòte pwogram nan sektè sible ki gen nan rejyon an ki an plèn kwasans aktyèlman la yo, ki gen ladan sektè fabrikasyon avanse, sante ak syans lavi a, touris, enèji, ak sektè agrikilti a lè yo ofri fòmasyon pou moun ki nan chomaj, souzanplwaye yo, ak/oswa opòtinite pou travayè debitan ak travayè ki gen konpetans mwayèn yo pwogrese sou echèl pwofesyonèl yo. L ap finanse modèl meye pratik k ap maksimize kolaborasyon ant biznis yo ak fòmasyon mendèv yo.

Pwojè yo pral Finanse yo:

Estrateji pou Pwosperite pou Konstwi yon Mendèv Dirab nan Konte Niagara a (Prosperity Strategy to Build a Sustainable Niagara County Workforce)

Oganizasyon: Sant Opòtinite Edikatif pou Adilt Inivèsite (Adult Educational Opportunity Center, AEOC) Kominote Genesee a/Konsèy Sèvis Edikatif Kowoperatif Orleans-Niagara a (Orleans-Niagara Boards of Cooperative Educational Services, ONBOCES)

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 1,229,667/5,764,618 dola

Deskripsyon: ONBOCES te selebre ouvèti Sant Fòmasyon Mendèv (Workforce Training Center) nan Niagara Falls la an Jiyè 2018, epi y ap ouvè yon lokalite nan Lockport an Otòn 2018. Avèk finansman WDC ap akòde yo a, yo pral kapab agrandi sèvis yo ofri nan toude etablisman yo pou gen ladan fòmasyon nan izinaj, soudi, ak fòmasyon sou chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon (heating, ventilation and air-conditioning, HVAC). Estajye ki fini pwogram lan nèt yo pral elijib pou yo resevwa sètifikasyon (OSHA, NIMS, elatriye) nan domèn yo a. Atravè patenarya yo genyen avèk Sant Opòtinite Edikatif pou Adilt la (AEOC), etablisman an pral kapab ofri estajye yo sèvis sipò ki gen ladan jesyonè ka ki pral ede ofri yo solisyon pou reponn a obstak ki anpeche yo atenn siksè yo. Yo pral itilize finansman an pou yo achte ekipman pou fè fòmasyon, fè amenajman nan bilding yo, peye anplwaye epi finanse pwogram rekritman.

Kantite Moun yo Fòme: 75 nan yon ane; yo antisipe pou l agrandi rive 170 pa ane

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: Minimòm 35 pa ane

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Niagara Falls ak Lockport, Konte Niagara

Akademi Karyè nan Domèn Sante ak Sant Fòmasyon an (Health Careers Academy and Training Center)

Oganizasyon: Fondasyon Edikativ Konsèy Sèvis Edikatif Kowoperatif Erie 2-Chautauqua-Cattaraugus la (Erie 2-Chautauqua-Cattaraugus BOCES Educational Foundation)

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 504,877/685,987 dola

Deskripsyon: Pwogram sa a pral ofri pakou pwofesyonèl nan endistri swen sante a, lè yo ofri etidyan lekòl segondè ak adilt ki nan domèn Enfimyè Oksilyè Sètifye (Certified Nursing Assistant, CNA), Èd Swen Pèsonèl (Personal Care Aide, PCA), ak Ajan Swen Sante Adomisil (Home Health Aide, HHA) yo fòmasyon - yo konsidere tout kòm pwen depa nan domèn swen sante a. Pwogram CNA ak HHA a yo pral ofri konpetans ak alimantasyon ki ofri plizyè avni pou fòme yon pwogram fòmasyon Enfimyè Oksilyè Otorize (Licensed Practical Nurse, LPN). Plis opòtinite fòmasyon pral disponib pou Teknisyen an Flebotomi ak Transkriptè Medikal Bileng yo, ki se de karyè enpòtan nan rejyon sa a. Diplome ki reyisi yo pral ka pran egzamen sètifikasyon yo. Sèvis sipò ki pral

disponib yo gen ladan asistans finansyè, gadri pou timoun, transpò, ak fòmasyon nan konpetans pwofesyonèl yo.

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: 95 pousan estajyè yo, oswa 213 moun

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Fredonia, nan Konte Chautauqua

Sant Devlopman Mendèv Gerard Place la (Gerard Place Workforce Development Center)

Oganizasyon: Gerard Place

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 594,819/4,735,681 dola

Deskripsyon: Yo pral ofri fòmasyon pou Enfimyè Oksilyè Sètifye, Ajan Swen Sante Adomisil, ak Enfimyè Oksilyè Otorize yo. Pwogram lan pral ofri konpetans pwofesyonèl epi kondwi yo anvè sètifikasyon ak lisans ki nesese pou yo jwenn aksè a opòtinite anplwa yo. Estajyè yo pral kapab pwofite de sèvis sipò Sant Kominotè ak Edikatif Gerard Place la yo, epi y ap travay ak èd ka yo ki pral ede yo idantifye ak konekte yo ak resous yo.

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: 250 pa ane

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Buffalo, Konte Erie

Sant Karyè nan Domèn Sante Inovatè Nouvèl Esperans lan (New Hope Innovative Health Career Center)

Oganizasyon: Harvest House

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 284,970/524,775 dola

Deskripsyon: Pwojè sa a pral agrandi kou pwogram lan ofri yo nan plizyè sijè fòmasyon pou yo tabli yon Sant Karyè nan Domèn Sante Inovatè, sa k ap modènize etablisman ki la deja pou l vin gen ladan yon laboratwa, ekipman, ak similatè modèn depwent, ak laboratwa enfòmatis ki gen lojisye avanse. Finansman WDC a pral pèmèt Harvest House agrandi sèvis sipò li yo tou. Fon yo pral ofri swen medikal pou estajyè yo, kupon pou transpò, asistans pou gadri timoun, ak kapasite pou yo travay ak enstriktè karyè yo. Pwogram fòmasyon sou teknoloji sante yo agrandi yo pral pèmèt Harvest House ofri nouvo sèvis atravè estaj klinik tou. An gwo, fòmasyon an pral disponib pou Enfimyè Oksilyè Sètifye yo, Ajan Swen Sante Adomisil yo, Èd Swen Pèsonèl yo, ak Enfimyè Oksilyè Otorize, Teknisyen an Famasi yo, ak Teknisyen nan Enfòmasyon Sante yo, ak Teknisyen an Flebotomi yo.

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: 288 pa ane

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Buffalo, Konte Erie

ATHOS: Yon Opòtinite Fòmasyon Inovatè Riral (Rural Innovative Training Opportunity)

Oganizasyon: WNY Rural Area Health Education Center Inc. (R-AHEC)

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 388,979/429,616 dola

Deskripsyon: Pwojè sa a pral devlope yon pwogram fòmasyon swen kowòdone ki pral sèvi kominote riral ki defavorize sou plan medikal yo ak endistri swen sante lokal la atravè agrandisman pwogram fòmasyon ATHOS la. Yo pral devlope fòmasyon riral la epi agrandi l pou l gen modil ki disponib sou entènèt, epi yo pral ofri opòtinite pou kou fòmasyon dirèk nan sal klas yo, oswa yon pwogram ki gen toude opsyon yo selon bezwen patnè endistri a yo. Pwogram detid la pral konsantre prensipalman sou edike moun yo sou teknik yo bezwen pou yo amelyore swen ki akse sou pasyan yo, amelyore prestasyon sèvis swen sante yo, amelyore konpòtman pwofesyonèl yo nan milye travay

la, epi fè moun ki gen karyè nan domèn swen sante ki an plèn kwasans lan yo pwogrese. Yon gwoup konsiltatif ki fòmè de pwofesyonèl swen sante, konsèy investisman mendèv yo, ak manm kominote a yo pral ede idantifye resous ki genyen pou sipòte ak ede patisipan yo simonte obstak ki anpeche yo fini pwogram lan, epi kontwole pwogram detid la ak aktivite plasman pwofesyonèl yo.

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: Omwen 50 pousan nan estajyè anyèl yo

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Toule senk konte yo

Pwojè Devlopman Mendèv nan Sektè Enèji Kominote PUSH la (PUSH Community Energy Workforce Development Project)

Oganizasyon: People United for Sustainable Housing, Inc. (PUSH Buffalo)

Kantite Prim Sibvansyon WDC a/Depans Total pou Pwojè a: 1,200,000/3,046,650 dola

Deskripsyon: Pwojè a pral ogmante kapasite Sal Anbòch Kominotè (Community Hiring Hall) PUSH la pou yo fòmè epi mete travayè yo nan pòs travay anndan sektè enèji renouvlab la, konstwi yon sant fòmasyon dirab pou mete pwogram devlopman mendèv PUSH la yo, devlope yon pwogram detid k ap satisfè bezwen sektè enèji renouvlab la yo, epi konstwi yon rezo pano solèy kominotè. Yon nouvo Direktè Antrepriz Sosyal pral sipèvize l tou, pou ofri estajyè yo sipò pwofesyonèl. Estajyè yo pral kapab pran tès pou yo resevwa sètifikasyon endistri a yo apre yon fini pwogram lan.

Atant Plasman Pwofesyonèl yo: 20 pa ane, avèk potansyèl pou yo agrandi pwogram lan nan ane k ap vini yo

Lokalite Kote Pwojè a ye a: Buffalo, Konte Erie

Yo pral revize yon dezyèm faz aplikasyon an 2019. Oganizasyon san bi likratif ki nan Konte Erie, Niagara, Cattaraugus, Chautauqua ak Allegany yo ka elijib pou yo resevwa omwen 250,000 dola pou devlopman mendèv. W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Lè nou pwomouvwa ak investi nan apwòch inovatè ki akse sou rezilta nan zafè fòmasyon mendèv nan Rejyon Lwès New York la, Defi Devlopman Mendèv la pral ede asire rezèv talan rejyon an ap an mezi pou yo satisfè plis demann, djòb ki pi byen peye ki se yon siy ke kwasans ap kontinye nan rejyon an”.

Rechèch endike ke anplwayè ki nan endistri ki gen anpil demann, ki pi byen peye yo bezwen idantifye rezèv travayè kalifye ak pwogram fòmasyon ki ka satisfè bezwen yo, epi alontèm, enfliyanse konpetans efektif mendèv la pou yo pi byen aliyen ak bezwen yo. Rechèch ki pi resan yo te fè sou mache travay nan rejyon an te gen ladan yon ankèt sou anplwayè ki montre ke majorite konpayi ki nan zòn Buffalo Niagara yo rapòte yon kantite pòs travay ki difisil pou yo jwenn moun ki pou ranpli yo oswa gen konpetans ki difisil pou yo jwenn, sa ki sigjere ke nou ka amelyore apwovizyonman mendèv la pou l pi byen koresponn ak bezwen endistri a yo. Pòs travay ki difisil pou yo ranpli jodi a yo ak konpetans ki difisil pou anplwayè yo jwenn yo pral plis akimile tank endistri atravè rejyon an yo ap devlope. Anpil sektè nan endistri ki gen nan rejyon an yo te jwi kwasans djòb ki rive nan nonm a de chif yo pandan senk ane ki sot pase yo, epi pandan senk ane k ap vini an yo, anpil endistri ka atann pou yo ranpli anpil milye pòs travay atravè rejyon an chak ane. Rejyon an ap fè fas tou a yon falèz retrèt ki pa twò lwen ki pral afekte apwovizyonman mendèv la.

Fas a defi sa yo, eta a te deja fè investisman konsiderab nan efò devlopman mendèv yo epi yo pral ogmante investisman sa yo alavni. Jiskaprezan, efò devlopman mendèv sa yo te grandman konsantre sou efektif mendèv kwasan yo byen bezwen nan sektè fabrikasyon an. Investisman y ap kontinye fè nan Sant Fòmasyon Mendèv ki nan Northland, ki sitiye nan East Side Buffalo nan Koridò Northland lan, pral kreye yon bretèl daksè ekonomik pou fòmasyon, estaj, ak plasman pwofesyonèl pou sektè fabrikasyon ak sektè enèji a. Lè WDC a ap aplike rechèch ak meyè pratik yo te aprann atravè efò sa yo, yo pral rantabilize epi ajoute sou devlopman mendèv ki deja ap fèt nan kominote a, epi yo pral ogmante konpetans popilasyon defavorize yo pou yo ka satisfè bezwen sektè endistri kwasan yo, sa k ap ofri opòtinite pou mendèv toupatou atravè senk konte Rejyon Lwès New York la yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)